Ассаламу гІалайкум!

# Ахихъан

№ 14 (7258)
2017 сон 30 март
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багъа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

МахІач Дахадаев гьавуралдаса - 135 сон

## Халкъалъе гІоло кьураб гІумро



І35 сон тІубана Дагъистаналъул халкъазул эркенлъиялъе гІоло къеркьохъан, Дагъистаналда тІоцевесев рагъулав комиссар, граждан рагъазул бахІарчи МахІач Дахадаев гьавуралдаса. МухІамадгІали (МахІач) Дахадаев гьавуна 8 декабралда (цогидал баяназда рекъон 2 апрелалда) І882 соналда Дагъистан областалъул Авар округалъул Унсоколо росулъ маххул къебед Давудил ДахІадал хъизаналда. МахІачил эбел ХІурия йикІана мискинав векьарухъан ХІасан-ХІажиясул яс. Рохел гьечІеб, бакІал къварилъабаз къанцІулеб лъимерлъи букІана МахІачил. Гьев жеги гьитІинав чи вукІаго эменги хун, эбелги цоги чиясе росасе ун, мискинго бетІербахъун ругел гІагарлъиялъул цІобалде ккана. Эбел-инсул гьуинлъиги хинлъиги лъачІев гьес гьитІинго жиндиего чед балагьизе ккана. ГІадамаз ХІуриядаги бесдал эмен МухІамад-СултІанидаги гІайиб-гъвел гьабулеб букІана гьев гьитІинав вас рехун танилан. Гьез МахІач цІализе кьуна Хунзахъ букІараб байбихьул школалде. Гьеб школа тІокІлъигун лъугІизабиялъ МахІачие рес кьуна Темир-Хан –Щура букІараб Реалияб училищеялде цІализе лъугьине.

І900 соналда МахІачица училище лъугІизабуна ва гьелда къокълъизе течІо цІали. Гьес Петербурга лъул маххул нухазул транспорталъул инженеразул институталде экзаменал кьуна.

Институталда цІалулеб заманалда М. Дахадаевас лъай-хъвай гьабуна пачаясул власталдехун рокьукъго ралагьулел хІалтІухъабазулгун ва студентазулгун. Гьесие цІикІкІараб асар гьабизе лъугьана Обуховалъул рагъулаб заводалъул хІалтІухъабазул тІоцебесеб маялъулал церерахъиназ, студентазулал багъа-бачарияз. М. Дахадаев лъугьана І905-І907 соназул гІурус революциялъул жигарав гІахьалчилъун.

Россиялда бахъараб революциялъул гьури дагьдагьккун Дагъистаналъул мугІруздаги щущалеб букІана. ГІодорлъабазул бакІазда гьединго магІарухъ ругел округаздаги унел рукІана рекьарухъабазул багъа-бачариял.

(Хадусеб 2 номералда)

ГІайшат МАЛАЧИЕВА

## Мун хутІила...

ХІиллаял рухьабаз бухьараб гъалбацІ
Гъарояб квердаса камун рагІула,
РекІкІал гъоркьчІелазе тохлъараб тулпар
Тушбабаз къориде тункун рагІула.
Саназул болъоялъ гІасру таниги,
Дур баркат нижее камулеб гьечІо,
Наслабаца чанго кьер хисаниги
Дур цІвайил канлъилъидул кунчІи ссун гьечІо.
ЧІваниги холарел дур хиялазда
Халатал санаца тІегь бан букІинчІищ,
Хабалъ тІупаниги тІегьарал къасдал
Къоабилеб векалъ кунчІун рукІинчІищ?!
ГІакълу бихьаралъуй хьетІулин ракІал
Дур цІали-лъаялъин цІарал аскарал,
ГІадлу камилалъур куцалин дарсал
Дур бажариялда божанин боял.
БахІарчи хІакълъула хІинкъи лъаларев
Лъана гІаламалда, маргьуяв МахІач,
Цевехъан тІатуна ритІухълъи ккурав
ТІатана халкъалда хвел гьечІев МахІач.
Амма жахІдачагІи жакъаги руго
Дур цІаралда тІасан мухъ цІазе къачІан,
Гьадалго жасусал гьанжеги руго
Дол дур гьунаразде пардавги биччан.
Къанщарал беракьа нечоларелъул
Дур чоде вахине чан чи къеркьарав,
ЧІараб хІохьладаса хІинкъуларелъул
Дур тахшагьар щвезе хьулдаранщинав.
Даим гІолохъанго хутІарав МахІач,
Мун хутІила мугІрул ругебгІан мехалъ
Херлъизе рес гьечІев, багьадур МахІач,
ВукІина Дагъистан бугебгІан мехалъ.

## «ЦІиял байбихьиязе кумек гьабизе ккола»

(Р. ГІабдулатІиповасулгун дандчІвай)



22 марталда РДялъул БетІер Р. ГІабдулатІиповас дандчІваял гьаруна чанго муниципалиял гІуцІабазул нухмалъулезулгун. Гьеб букІана районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовасулгунги.

ДандчІваялда гІахьаллъана РДялъул Правительствалъул вице-премьер Р. Юсупов, Б. ГІумаров, МугІрузул округалъул вакил М. Камилов, БетІерасул ва Правительствалъул тІоцевесев зам. А. ХІасанов, проектнияб управлениялъул нач. А. М. ХІакимов, Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухІамадов.

Гара-чІвариялъул заманалда муниципалитета лъул бетІерас бицана араб 20І6 соналда районалда ккарал хиса-басиязул. Гьедин ГІ. НурмухІамадовас тІадчІей гьабуна РДялъул «Обеление экономики» приоритетнияб проект гІумроялде бахъинабулаго, ракьазул актуализация гьабулаго, недвижимосталда тІад ругел налогал рачІинариялъе, гьел налоговияб учеталда лъеялъе гьарулел хІалтІабазул.

(Ахир 4 гьумералда)

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 14 (7258)*
*30 март 2017*
*Хамиз*



В память М. Дахадаева 10 июля 1922 года решением ВЦИК г. Петровск-порт переименован в Махачкале
Также в честь него названы:

- Дахадаевский район Дагестана (до 19 апреля 1930 года Ураринский район)
- Дахадаевка (бывш. село Преображенское) — хутор Кумторкалинского района Дагестана
- Дахадаево — название села Даттах (Чечня) с 1944 по 1957 г.
- Махачаул — название села Ца-Ведено (Чечня) с 1944 по 1957 г.
- Махач-Аул — аул в Нефтекумском районе Ставропольского края.
- Махачкент — бывший аул в Кизлярском районе, ныне в составе села Новый Бирюзяк

# Халкъалъе гІоло кьураб гІумро

Отпускаялъ росулъе вачІарав МахІач гьеб киналдаго хадуб хал ккун цо рахъалда чІун вукІинчІо. 1905 соналъул 30 декабралда ансадерил кІудияб мажгиталда аскІоб гІадамазда цеве кІалъазе вахъана гьев. Гьес магІарул мискинзаби ахІулел рукІана пачаясул самодержавиялда данде чІун ярагъ кодобе босизе, налогал кьеялдаса инкар гьабизе, тІадчагІазе мукІурлъунгутІизе, бечедазда кодоса ракьал рахъизе.

Гьеб кІалъаялдаса хадуб ва «пачалихъалде данде чІарал прокламацияби магІарухъ тІиритІизариялъе гІологи» 1906 соналъул 6 январалда пачаясул власталь МахІач жанив тІамуна. Губернаторас тІалаб гьабулеб букІана «Краялда рахІат хварал ишал гьарулев ва гІадамазул пикраби хІабургъинабулев чи хІисабалда» МахІач Кавказалдаса къватІиве витІи. Гьев жанив тІамиялъ жеги хІалуцинабулеб букІана ахІвал-хІал. Мискин халкъалъул тІадецуялъул хІасилалда гьебго соналъул 14 апрелалда гьев къватІиве виччана Темир-Хан-Шура шагьаралъул полициялъул халкквеялда гьоркь вукІинелъун.

Полициялъ гьесул щибаб галиялда хадуб хал кколеб букІана, амма гьезда кІвечІо кьеркьеялъул нухдаса МахІач къуркьизавизе. Гьел соназда МахІачица росулъе босун бачІана гектограф. Ва гьелда кьабун магІарухъ тІиритІизарулел рукІана листовкабигун прокламацияби.

1906 соналъул 7 марталда РСДРПялъул Темир-Хан-Шура букІараб группаялъ къватІибе биччана тІоцебесеб Пачалихъияб Думаялде рищиял хвезаризе ахІарал листовкаби. М. Дахадаевасул кверал хъварал гьезда цІар букІана «Гражданазде» абун. Революциялъул хІаракатчилъи цІикІкІарав МахІач институталдаса нахъе рехизавизе кІвана пачаясул властазда.

ГьанжелъизегІан М. Дахадаевасда хурхун кодоре щварал документазда гьечІо гьев большевиказул партиялъул членлъун вукІанилан хъвараб бакІ. Б. Кашкаевасул баяназда рекъон 1928 сонадда къватІибе биччараб лъарагІ мацІалда бахъулеб «Юлдаш» газеталъ хъвалеб буго М. Дахадаев хІакъикъаталдаги социал-демократазул партиялда вукІанилан. ТІубараб куцалда лъалеб гьечІо гьениве лъугьараб заманги. Абулеб буго гІага-шагарго 1905-1906 сонал



рукІине кколилан. Халкъазул эркенлъиялъе гІоло кьеркьохъанас гІицІго рахъ кколеб букІана гІаммаб кьеркьеялда большевиказул партиялъ цере росулел лозунгазул ва гьелъул идеязул. М. Дахадаев гьорлъе унеб Дагъистаналъул социалистияб группа цогояб партиялъул организациялъунги лъугьинчІо. Гьелъул букІинчІо жиндирго программа ва устав. Гьеб блокалде цолъулел рукІарал батІи-батІиял чвахиязул вакилзабазе асар гьабулеб букІана Дагъистаналъул большевиказул идеялъулаб тІадецуялъ.

ТІоцебесеб Россиялъулаб революциялда, гьеб борхун бачІунеб ва гІодобе кколеб заманалдаги, МахІачица большевиказул тактикаялъул рахъ ккуна. Большевиказда цадахъго гьес гІадамал ахІана Пачалихъияб Дума бищиялда гІахьаллъичІого чІезе. Гьелъул хІасилалда рищиязда тІубанго гІахьаллъичІо Авар, Панди, Гъуниб, Кази-Кумух округалъул гІадамал. Гьеб букІана МахІачил кІудияб бергьенлъи.

БатІи-батІиял данделъабазда гьарулел пачаясул хІукуматалде данде чІарал кІалъаязги листовкаби ва прокламациял тІиритІизариялги хехлъизабуна цІидасанги 1906 соналъул 27 июналда гьев жанив тІами. Гемерал цІех-рехаздаса хадуб гІайиб тІад чІечІолъиялъ гьебго соналъул 25 ноябралда гьесда тІад гьабун букІараб дело къотІизабуна. Амма пачаясул чукъби хІинкъулел рукІана революционер туснахъалдаса къватІиве виччазе. Кин букІаниги 1907



соналъул февралалда къватІиве виччана гьев заманаялъ Россиялдаса нахъе ине тІадеги босизабун.

Амма М. Дахадаевас ВатІан течІо, гьев Петербургалда вахчун вукІана. Гьениб гьесие 1910 соналда изну щвана институт лъугІизабизе. Гьеб лъугІун хадув МахІач витІана Туапсеялъул ралъдал порталде хІалтІизе ва 1916 соналде щвезегІан гьев Дагъистаналдаса къватІивехун вукІана. Гьел соназда гьес лъай-хъвай гьабуна Севериаб Кавказалъул большевиказул организациялъул руководитель С. М. Кировасулгун, цогидалги революционеразулгун. Гьел соназдаги гьев хутІана революциялъул ишазе ритІухъавлъун. Революциялъулал хІалтІаби гьарулел рукІана Майкопалъул маххул нухлул ва Туапсеялъул ралъдал порталъул хІалтІухъабазда гьоркьоб.

М. Дахадаев вукІана гьунар бугев революциялъулав публицистги. Гемерал бегІерал статьяби хъвана гьес Петербургалда С. ХІабиевас бахъулеб букІараб «Дагъистаналъул рогьел» газеталъе. ПицІго гьунар бугев публицист гуревги, гьев вукІана хІаракатав ораторги, пропагандистги, агитаторги. Ихтияр букІун абулаан гьесда халкъияв трибуна,- абун. Гьев вукІана магІарул помещиказегун радикалазе, буржуазиялъулгун миллатчилъиялъул реакционеразе бадиб къалеб бегІераб хечлъун.

1916 соналда М. Дахадаевасе изну кьуна Дагъистаналде тІад вуссине. Темир-Хан Шура букІараб хунжрул гьарулеб гьитІинабго мастерская гьес заводалде сверизабуна. Гьелъ рес кьуна захІматчагІазул гьатал данде гьаризе, гьезулгун жеги цІикІкІун бухьен ккезе, областалъулаб централда хІалтІухъабазул гучаб ячейка гІуцІизе.

1917 соналъул февралалъулаб буржуазиябгун демократияб революциялда хадуб М. Дахадаев жеги гучалда тІаделъана революциялъулаб хІаракатчилъиялде. Областалъулаб исполкомалъул членлъунги вукІун гьес цІунулел рукІана хІалтІухъабазулги рекьарухъабазулги интересал.

Дагъистаналда Совет власть гІуцІараб 1918 соналъул маялдаса байбихьун М. Дахадаевас тІолабго къуват кьуна БагІараб Армия гІуцІизе. Ва мугІрузулал контреволюционеразде данде рагъазе нухмалъи гьабулеб букІана гьес. Гьебго заманалда гьев жигарав гІахьалчилъун вукІана областалда Совет власть щула гьабиялъе ва гьелъул органал гІуцІиялъе Дагъистаналъул рагъулабгун революционияб комитеталъ гьабулеб хІалтІулъги. Рагъулал суалазда хурхун ревкомалъул тІолабго хІалтІи гІумруялде бахъинабулеб букІана М. Дахадаевасги Гь. СагІидовасги.

Совет власталъе гІоло Дагъистаналда кьеркьей гьабулел соназда М. Дахадаевас живго вихьизавуна иш лъалев рагъулав комиссарлъун гуревги, хІинкъикъай гьечІев ва бажари бугев командирлъунги. БитІухъего гьесул бетІерлъуда кІвана БагІараб Армиялда Бичераховасул бандаздаса 1918 соналда Порт-Петровск эркен гьабизе.

ХІоцоса Нажмудинида данде кьеркьеялъе Дагъистаналъул революционераз хІукму гьабуна имамасде дандечІей гьабун бажарулев рухІияв цеве хъан валагьизе. Гьединав чилъун ватана ГІахъушаса ГІалихІажияв. Гьесул къадру-кьимат букІана лъарагІлъиялъул гІодорлъабаздаги магІарухъги чанго округалдаги. Темир-Хан-Щура М. Дахадаевасда кІвана гьел магІарулазул миллиябгун эркен гьариялъул багъа-бачариялде цІазе. Гьелъие рес кьуна шайих МахІачида цевеккунго лъалев ва божарав чи вукІиналъги.

М. Дахадаев чІаго вукІаго Совет власталъул тушбабазда лъалеб букІана жидее хІалхьи букІунареблъи. Ва гьез хІукму гьабуна МахІач чІвазе. Гьеб букІана 1918 соналъул хаслихъе. Темир-Хан-Шура контреволюционераз босун хадуб МахІач Левашисан магІарухъе цІиял къуватал данде гьаризе ине сапаралъ вахъуна цадахъ дагьалго гІадамалгун. Гьоркь Жунгуталдаса Гъадаралде унеб нухда дандеги рачІун Н. Тарковскиясул бандазул бетІер ХІ. ХІасановас нахъасан МахІачида гІадалъ таманча речІчІана. Гьедин тушбабазул квердаса камуна мискинхалкъ лагълъиялдаса эркен гьабизелъун кьеркьарав инженер МахІач Дахадаев. Хиянатаб куцалъ МахІач Дахадаев чІваялъ кутакалда ццим бахъинабуна Дагъистаналъул халкъазул. Гьез тушбабаздаса кьисас босана ва МахІачил анищалги гІумруялде рахъинарулаго мугІрузда эркенлъи букІинабуна.

Суратазда: **М. Дахадаев вацгІал Къебед-хІажиявгун.**

**МахІачхъалаялда М. Дахадаевасул памятник рагьулеб заман.**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 14 (7258)*
*30 Март 2017 сон*



**Унсоколо район - дир рекIел улка** **(М. Гунащев)**

ЧотIа рекIинеги хвалчен кквезеги
Дуца куцаразул киб рагIичIеб цIар?
Дагъистаналъеги дунялалъеги
Дуца кьурал васал даимал руго.

Мун цо район гуро, Дагъистаналъе
Дир МахIачил шагьар, Шамилил хъала,
Дир шаргIалъул байрахъ, шигIрудал ВатIан,
Дир зияраталъул борхатаб зани.

# МахIач Дахадаевасул хъизан

Унсоколоса МахIачица лъудби лъун рачун рукIана МухIамадшапи гIил кIиго яс: ПатIиматзагьрат ва Написат

**ПатIиматзагьрат Дахадаева**

Шамилил вас МухIамадшапигIилги гьесул чIужу Марямилги кIудияй яс йикIана ПатIиматзагьрат. Гурги-шуршинаб гъумералъул, кьермухъ рекъарай, гьоркьохъеб лага-черхалъул гIадан йикIана гьей. ПатIиматзагьратил хасияталъухъ балагьун бичIчIулаан гьелъулъ магIарул би гуребги, эбелалъулаб – татаразулаб биги гьалдолеб букIин. ЧотIахъан йикIана ракI бахилай.

Петербургалъул къо-асс бугел ясазул институталда ПатIиматзагьратие щвана тIадегIанаб лъай, гьелда лъалаан къватIисел чанго улкабазул мацIал. I907 соналда гьей Петербургалда М. Дахадаевасе лъадилъун ана. Лъимер гьабизе йикIаго гьелъул чехь ссуйзе ккана. Гьавуна вас ГIадилгерей.

**Написат – ханум**

Хадуйккун росгун йикIине, ПатIиматзагьратие тохтурзабазул изну букIинчIо. МахIачица, жидеда хъатIулебщиназул изнуялда лъун, гьелъул яц Написат лъадилъун ячана. Ясалъул букIана халатккараб гъумер, инсудасан ирсалъе щвараб багIаркккараб рас. Гьей лъаларез гIурус ясилан толаан Написат. КIудияй яцалъ гIадин, гьелъги лъугIизабун букIана къо-асс бугел ясазул институт. Махсаро-хочI гIемерай, гIумру авадагьай гIадан йикIана гьей:

I9I6 соналъул байбихьуда МахIачги Написатги Темир-Хан-Шураялде рачIана. Маликовское шоссеялда Талибовазул бакIалда рукъ ккуна гьез. Хадуб гьез Апшеронский къотIноб Дагъистаниязул полкалъул офицер Мальсаговасул букIараб мина жидеего бичун босана.

МухIамадмирза Хизроревасул лъади Разият Алмакъсудовнаялъ гьадин бицун буго МахIач чIвараб мехалда Написатил букIараб хIалалъул хIакъалъулъ: «МахIач Дахадаев чIваравлъи лъайдал, ниж Апшеронский къотIноре ана. Написаб чIчIи-чIчIихъуйги ахIи-хIурги гьабичIого гIодилей йикIана. Гьеб къоялъго вукъана МахIач. Шагьаралда рукIана революциялъул тушбаби, гьез жаназаялда цадахъ ине изну кьечIо хварав МахIачил вац ЖабрагIилиеги, художник Е. Е. Лансерейиеги, цоги 4-5 бихьинчиясеги гурони. Амма цIакъ гIемерал рукIана гIодулел руччаби».

Рос хвезегIан цее, Написат Дахадаева Темир-Хан-Шураялда М. Мавраевасул типографиялда хIалтIулей йикIана. I923 соналда эбел Марям-ханумица Написат жиндаго аскIое Петербургалде ячун ана. Написат хвана Ленинградалда блокадаялъул заманаялда.

**ГIадилгерей Дахадаев**

Булач ХIажиевас хъвaралда рекъон, ПатIиматзагьрат гьуърул унтун Буйнакскиялда хвана. Гьелъ МахIачие гьавурав вас, гьесдасан лъугьараб цого-цо лъимер, ГIадилгерей МахIачович Дахадаев гIемерал соназ Ленинградалда гIумру гьабун вукIана. Араб гIасруялъул лъабкъоабилеб соналда гьев вачIана гIагараб росулъе – Унсоколове. ХIалтIана районалъул росдал магIишаталъул управлениялда кадрабазул управлениялда начальниклъун, ОКХялъул заведующийлъун. Вищун вукIана районалъул Советалъул депутатлъун. ГIадилгерей ункъоабилел соназда МахIачхъалаялда хвана. Гьенив вукъунги вуго.



## МахIачиде яцалъул магIу

Бехе лъарагIалда цIадул аздагьо
ЦIарни къотIун ккана дир тIулиласул,
ЦIорол санидукье къехьчараб борохь
Боял чидай танин, чилъи бугев дур.

Чарамул ярагъгун вахъаравани
Чучилароан, мун, тушманзабазе,
Чуял гьалагалгун рекIаравани
ЧIвалароанха, мун, дол ханзабаца.

ЧIваниги кIваричIо, МахIач эбелхвад
Ханзабазул ясал цере къотIидал,
Къваниги кIваричIо, дир чIегIер чаран,
Нуцалазул тулби кьолойдал дуца.

Мун тIухьидул гуллид чIван ватиларо
Гулла мазгарулдай, чехь бихъаязул,
Жансалъул харид вухIун мун ватиларо
Херги загьрудайха тушманзабазул.

Къваниги кIваричIо, МахIач эбелхвад
Бадрул УхIудалда ХIусен бергьинчIо,
Къваниги кIваричIо, дир чIегIер чаран,
Дова АхIулгохIда Шамил бергьинчIо.

БекI къваридаб къолден къотIулеб алмас
Къорица ккун вуго цо дир тIулилав,
Къолдаби толарев истамбул хъирим
ХIиллайищ бергьараб, МахIач эбелхвад.

ЖабрагIил рагIула доб бульваралда
Таманчадул гуллид габурги борлъун,
МахIачги рагIула доб Жунгуталда
ТуманкIудул гуллид керенги борлъун.

Зоб гъугъан гьегъ байги гьоб Жунгуталде
Цо дир жагьил гьури жаниб свераpаб,
Гъогъол гIорал щвайги доре ХIоцоре,
Дуе хIиллаялъе боял рахъараб.

***БитIун бачIана Гъуниса Баширов МухIамадица***



## Къисаялъул автор

Цебеккун лъазабухъе Унсоколо росулъа (жиндир мунагьал чураяв) МухIамадов ГIабдула Бадиевичас гIемераб материал бакIарун букIана М. Дахадаевасда ва цогидалги хурхун. Гьес хъварал руго «ХIинкъи бугев студент», «ГIабдулгIазиз», «Зага», «Гьобол», «Рокьуца ах1улеб мехалъ» абурал къисаби ва харбал.

М. Дахадаевасул юбилеялъул къоял ругелъул нижеца гьал къоязда газеталда лъезе байбихьана гьесул МахIачил гIолохъанаб гIумроялъул бицунеб «ХIинкъи бугев студент» абураб къисаялдаса къокъ гьарун росарал бутIаби.

# ХIинкъи бугев студент

(Къиса)

**(Байбихьи 13 номералда)**

Цо нухалъ институталъул цо аудиториялда къаси нахъалъизегIан канлъи букIана. Гьениб балъго данделъун букIана гIолохъанал марксистазул кружок. Лекциязде хIадурлъулеб ххвелги гьабун, студентаз цере лъун рукIана жидерго конспектал, теориялъул тIахьал ва хъвай-хъвагIаялъул цогидал алаталги. Амма бахIс унеб букIана «Демократия ва пролетариатазул диктатура» абураб темаялда тIасан.

Хасалил халатаб сордо гьезие къокъаблъун ккана. Нахъаса къотIичIого, гордазда пештIолеб кутакаб гьороцаги, доба рикIкIада рагIулеб полпихараб ралъдал хъуялъги, хъван балеб гIазул биццалъиялъги гьезул рахIат хвезабичIо.

ГIемер дагIбадана, амма пикрабазул къеркьей хIалуцун гурони, цо мурадалде рачIунел рукIинчIо. Я народниказе, я социалистазе, пролетаразул диктатура – цIияб общество гIуцIиялъе аслияб кьучI букIин рекIелъе биччазе бокьичIо.

МахIач гьоркьове унеб къеркьохъабазул гьитIинаб къокъа буцIцIун чIечIо. Гьез хIаракат бахъун бичIчIизабулеб букIана, коммунист париялъул манифесталда хъвавухъе, цIияб, класс гьечIеб ва бетIергьанлъи гьечIеб общество гIуцIиялъе, пролетаразул диктатура бергьин чара гьечIеб жо букIин.



Амма гIемерисезул дандечIей бекизе бигьаяб жо букIинчIо. Цо-цояз гьединаб пикру махсароде бачун, гIад-хочI гьабун толеб букIана. Гьезда цIияб обществоялъул тIасияб хъал гурони, жанисеб рахъ бихьулеб букIинчIо. ГIемер къацандана. Гьоко цебехун къирулеб букIинчIо. Кинабго хабар чан нухалъ данделъаниги, цого магIнаялде кколеб букIана. МахIачие бокьун букIана халкъалъе эркенлъи, ритIухълъиялъул хIакъалъулъ цIияб жо рагIизе, амма гьеб рагIулеб букIинчIо.

МахIачил каранда кор боркьана, намусалъ яхIалда хIал гьабизе лъугьана, гьесул пикрабазда пири пирхана ва кинабалиго секундалъ, букIинеселъул хьулаз гвангъизабураб халатаб нуралъ ботIролъ гъугъай бахъинабуна. Ахирияб рагIи абичIого рес букIинчIо.

Максимида бихьулеб букIана, цадахъ цого курсалда цIалулев гьалмагъасул рахIат холеб букIин, магIаруласул би гьанжеги гьалдезе лъугьин ва цо кинабалиго балъгоял пикрабаз гьев кодове восулев вукIин. Гьале гьанжеги циндаго гъурмал кьер тIуна ва чанил гIадал чIегIерал берал таваккалго кIалъалесдехун руссинаруна.

Дагьалъ лъалхъиги гьабун, МахIачица живго данде вакIарана, лъугьараб саскъотIиялдасан мунпагIатги босун, тирщун тIаде вахъана. Гьалмагъзабазул пикру борцунеб гIадин, цин гьес бераз гьел ралагьана, цинги байбихьана:

-Коммунистияб партиялъул манифесталда хъван буго «Союзалъул мурад бугила, буржуазия тIаса рехи, захIматчагIазул кверщел букIинаби – жибги буржуазияб обществоялъул классазул данде ккунгутIиялда бижараб цIияб общество гIуцIи, жинда жанибги я класс, я бетIергьанлъи гьечIеб…

*(Хадусеб 4 гъумералда)*

# «ЦIиял байбихьиязе кумек гьабизе ккола»

(Р. ГIабдулатIиповасулгун ГI. НурмухIамадовасул дандчIвай)

Бицана хъвай-хъвагIай гьечIого хIалтIулел ратарал предпринимателал гьеб гьабизе тIамиялъул. «20I6 соналда бакIалъулаб бюджеталде бачIана налоговиял ва гьел гурелги 80,5 млн. гьурущ доход. Налогозулал показателал тIуран руго I00 проценталъ. Республикаялъул бюджеталдаса кумекалъулаб гIарац (субвенциял гьечIого) бакIарана 58 %,-ян бихьизабуна гьес.

Р. ГIабдулатIиповас бихьизабуна налогал ракIариялъул хIалтIи кидаго хьаравуллъиялда гьоркь букIине ва гьезул къадар I50 % бахине кколин. Районалъул нухмалъулесул рагIабазда рекъон инвестициязул аслиял налогал цIиял финансированиялъул источниказда рекъон араб соналда букIана II2,8 млн. гьур.

Районалда хIалтIизабизе къун буго I00 лъимаде бакI бугеб ясли-ах, гьабуна Россиялъул гIаммаб къисматалъул бицунеб «АхIулгохI» комплекс, кIиго теплицияб комплекс, боцIул ферма бана, 40 гектаралда ахал лъуна. Частниял инвестициял лъун руго 7,8 млн. гьур. Аслияблъун ккола росдал магIишаталъул гьветI-хер ва боцIухъанлъи. 92 росдал магIишаталъул организациялъ гьабуна продукция. Буго I40 КФХ ва 6845 жидерго подсобниял магIишатал.

Районалда руго I2 культураялъул рукъ . – Власталдехун божилъи районалда ахирисел соназда гIемерго борхана,-ян бихьизабуна хадубги ГI. НурмухIамадовас.

РДялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас бихьизабуна хIакъикъаталдаги Унсоколо районалда гIемераб хIалтIи гьабунин, амма гьабулеб хIалтIи систематизировать гьабизе хIажат бугин. «Гьарун рагIалде рахьинаризе ккола гIумроялде рахьинарулел ругел проектал. Нилъер киназулго масъала ккола гIадамазул гIумро гьабиялъул даража борхи. ГIадамаза бичIчIизе ккола пачалихъалъ гьезул тIалабал гьарулел ва цIунулел рукIин. ЦIиял байбихьиязе кумек – кверчIвай гьабизе ккола,-ян бихьизабуна республикаялъул БетIерас.

# ЦIодорлъи гьабизе ккола

(24 март - тIолгодунялалъул туберкулезалде данде рагъ гьабиялъул къо)

Жакъа дунялалда тIиритIарал ва хIинкъи бугел унтабаздасан цояблъун ккола туберкулез. Гьеб ккола рахунел унтабаздасан цояб. Аслияб къагIидаялъ туберкулез унти бахуна гьеб унтиялъ унтарал гIадамаздасан, хIайваназдасан ва хIанчIаздасанги хIухьел цIалаго гьаваялде гьоркъе ккарал бактериязул кумекалдалъун.



Гьеб унтул букIуна кIиго форма: рагьараб ва рагьичIеб. Рагьараб формаялъул каранзул унтуца унтарал ккола сверухъ ругел гIадамазе хIинкъи бугеллъун. Гьез тулеб жоялда цадахъ къватIибе ккола туберкулезалъул унти ккезабулел палочкаби. Унти ккезе бегьула бокьарав чиясулъе. Рагьараб туберкулезалъ унтарал гIадамаздасан гьеб унти бахине бегьула гIисинал лъималазде, хасго цIалул гIужалда ругел лъималазде.

Туберкулезалъул палочкаби чорхолъе ккарал лъималазул букIине бегьула квандаса ракI буссин, гьел хехго свакала, хIалакълъизе лъугьуна. Халат бахъараб заманаялъ туберкулезалъ унтаразул букIине бегьула чIечIого гIетI бай, цIа-кан бахун рукIин, гьел лъугьуна хехго ццим бахъунеллъун, хIалакълъула кIодолъула гьабизе тIомода гьоркь ругел цIуцIдул, хIалтIи гьабулаго хIохьел гIоларого, хIалцен бачIун лъугьуна. Гьединал унтул гIаламатал ругел унтарал рачIине ккола врачасухъе хал гьабизе ва кьуричIого тIуразаризе ккола врачасул рихьизариял.

Жакъа туберкулез цудунго тIатинабиялъе гIурал гIемер батIи-батIиял къагIидаби ургьун руго. Гьединаздасан цояб ккола флюорография, рентгенография, компьютерная томография, бронхография ва цогидал хал гьариял. Туберкулез унтул гIаламатал ругезул гьабизе ккола флюорография, хасго цIикIкIараб заманаялъ грипп, пневмония, бронхит бугез. Гьеб гьабизе ккола лъагIалида жаниб цо нухалъ.

Туберкулезалъ унтичIого рукIине ккани гIумру гьабиялъул шартIал лъикIлъизариялда тIад хIалтIизе ккола. ЛъикIаб гьечIо регьел цIикIкIараб минаялда гIумру гьабизе, гIемер рукIине ккола цIияб гьава бугеб бакIалда, ахикь, парказда ва цогидалги бакIазда. Черх загIиплъизе бегьуларо. «РацIа-ракъалъи сахлъиялъул аслу» - гьаб абиги кIвар кьечIого тезе бегьуларо нилъеца.

Туберкулезалъул гIаламатал ругезда лъезе ккола туберкулезалъул проба, гьелъ бицуна туберкулезалъул палочкаби ругищали. Положительниял пробаби ругел лъималазе гьарула дараби врачасул рихьизариялда рекъон. Гьелъ хвасар гьарула туберкулеза лъул унтудаса. Гьел врачасул рихьизариялги мухIканго тIуразарун, туберкулезалде данде гьабулеб хадусел тадбиралги тIуразаризе ккола. Унтарав вукIине ккола батIаго, гьесие хIалтIизаблеб алатти зама-заманалдасан гьалараб лъеца чуризе ккола.

# Поздравление

Уважаемые работники культуры!

Примите искренние поздравления с профессиональным праздником -Днем работника культуры!

25 марта свой профессиональный праздник отмечают хранители и создатели культуры - сотрудники музеев и библиотек, деятели театров и концертных организаций, специалисты домов культуры, коллективы художественной самодеятельности.

Этот знаменательный день является признанием заслуг работников культуры в эстетическом и нравственном воспитании населения, сохранении и возрождении духовных ценностей, осуществлении культурного развития нашего района

Унцукульский район всегда гордился своими талантливыми тружениками культуры. Уверен, что ваш постоянный творческий поиск и впредь будет направлен на сохранение и приумножение лучших культурных традиций нашего района, повышение общего уровня культуры.

Многие праздники, конкурсы, фестивали, проводимые в нашем районе, стали традиционными и пользуются большой популярностью среди детей, молодежи и старшего поколения. Огромную гордость вызывают Ваши достижения на районных, республиканских, федеральных конкурсах и выставках.



В этот праздничный день я хочу поблагодарить всех работников культуры района за бескорыстное служение искусству, за укрепление нитей, связывающих поколения и традиции. Пусть ваша неиссякаемая энергия и неутомимая деятельность будут всегда востребованы, пусть они и дальше служат во имя духовного и нравственного здоровья общества и приносят в нашу жизнь праздник! Вдохновения, успехов, здоровья и счастья!

**С уважением, глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

# ХIинкъи бугев студент

Гьелдасан баянго бичIчIулеб буго пролетаразул диктатура бергьинчIони, революциялъул кьеркьеяз халкъалъухъе къурал киналго ихтиярал буржуазиялъ чIинтIизе рукIин. Жакъа гьеб нахъчIвалев чи, эркенлъи-ритIухълъиялъул тушман вуго. Дида гьелъул магIна гьедин бичIчIула. Нижер мугIрузда бицен буго, гIабдаласдаги гIакъиласдаги гьоркьоб рекъел кьокьаб букIунилан. Рахъ-рахъалдасан ясикIо гIадин буржуазияги берцин гьабун, нуж халкъалда цебе гьеб ккезе хIадурулел руго. Амма ракIалде щва, гарбидаса рукь бахъарав векьарухъанас гьеб рекIелъе биччазе гьечIо лъи, бахIсалъ къватIиб чIвазабуна нилъер нухал цого гьечIолъи. Дун гьелдаса цIакъ пашман вуго. Нужее къо-мех лъикI!,-ян лъугIизабуна гьес жиндирго калам.

МахIачил рекIее кIудияб тIадагьлъи лъугьана, гьороца накIкIалги хьамун, кьерхараб зоб роцIцIараб гIадин, рагьун ана керен. «Гьал гьетIарухъабазда цадахъ дие битI ккезе гьечIо, кидаго цого жо чIамулел рукIуна цо галиги цебехун бахъичIого. Нухлулав ракI бащадав гьечIони, сапар чIамучIаб букIуна. Цонигиясда рагьун ритIухъаб рагIи абизе кIолеб гьечIо. Гьанже бокьараб лъугьа, метер кварида ваниги, ракIалда гьалдолеб букIараб жо гьазда бичIчIизабизе щвана»,-ян кIвар гьечIого сверухъги валагьун, жиндирго къайи-къоноги бакIарун, гьев къватIиве ине лъугьана.

Ругелъурго гьелги тун МахIач анцI-анцI рокьукъаб берал нухда регIулев вукIана. МагIарулаcул пасихIаб калам тIоцебе букIинчIо гьезда рагIулеб, амма жакъа гьас жив зах1матчагIазул мурадазе гIоло унеб нухдаса кьуризе гьечIолъи бичIчIизабуна. Гьединал эркенал пикрабазе гIоло Сибиралъул каторгабазде ритIаралги дагьал рукIинчIо, кварида ран гьанкъаразулги цIарал гьесда кIочон рукIинчIо, жакъа гьес хIинкъичIого, къачIого абурал рагIабиги гьваридал пикрабазул хIасил букIана. Аслияб бахIсалда гьес цо батIияб тIокIаб бакI ккуна.

**(Хадусеб бук1ине буго)**

# Информация о проведении ОПМ «Контроль трезвости»

В целях профилактики дорожно-транспортного травматизма с участием нетрезвых водителей с 25 по 31марта 2017 года на территории Унцукульского района будет проводиться профилактическое мероприятие «Контроль трезвости». Основная цель - это выявление водителей, управляющих транспортными средствами в состоянии опьянения, в том числе наркотического, и предотвращение дорожно-транспортных происшествий с их участием.

Отделение ГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району обращается к жителям района с просьбой не оставаться равнодушными к проблеме пьянства за рулем и сообщать информацию о водителях, управляющих транспортными средствами в состоянии алкогольного или иного опьянения.

Эту информацию (государственный номер, местонахождение, направление движения) необходимо оперативно сообщать по телефонам: **99-60-33, 89288300037** или **102.**

**Нач.ОГИБДД Мусавузов Р.Н**


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация МО «Унцукульский район»

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:

Унцукульский район пос. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3

Телефон редактора 89896522856

sadovoduns@yandex.ru

368940

Адрес издателя и типографии

г. Махачкала

«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 30. 3.07 г. 19. 30 фактически -19. 40 мин.

........................................

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках

Тираж - 1000 экз.